

NYC Ferry Student Discount Program

Fòm aplikasyon



Imèl

Telefòn

Metòd kontak ou prefere

Imèl

poste

Èske w deja genyen yon kont aplikasyon mobil NYC Ferry?

wi

non

Kòd rediksyon

Rekonesans Tèm ak kondisyon

Mwen rekonèt ke mwen te li epi mwen dakò avèk Tèm ak kondisyon ki asosye ak aplikasyon sa a

Tape non w nan kare ki anba a pou w endike siyati w la

Dat jodi a

Kòmantè adisyonèl

To submit your application, please mail completed applications to:

NYC Ferry Operated by Hornblower Attn. Ferry Discount Program

63 Flushing Ave, Building 5,

Suite 100

Brooklyn NY 11205

Or drop off in-person at:

Pier 11 Ticket Booth

Pier 11, South Street

New York, New York 10005

NYC Ferry Student Discount Program

Tèm ak Kondisyon



NYC Ferry (« NYCF ») jere Pwogram Rabè sou Ferry a (« Pwogram Rabè sou Ferry »). Pwogram Rabè sou Ferry a pèmèt moun ki elijib yo achte yon tikè ale sèl NYCF ak rabè (« Tikè ak Rabè »).

Depi premye out 2026, NYCF bay elèv lekòl mwayen ak lekòl segondè nan Vil New York opòtinite pou yo patisipe nan Pwogram Rabè Ferry a ("Pwogram Rabè pou Elèv") epi pou yo gen aksè a tikè Pwogram Rabè pou Elèv yo ("Tikè pou Elèv").

Sa yo se tèm ak kondisyon yo ("Tèm ak Kondisyon") pou moun k ap chèche patisipe ak/oswa ki kalifye pou patisipe nan Pwogram Rabè pou Elèv la kòm elèv lekòl mwayen oswa lekòl segondè nan Vil New York ki enskri kounye a ("Elèv") oswa gadyen legal yon elèv lekòl mwayen oswa lekòl segondè nan Vil New York ki enskri kounye a ("Gadyen").

Lè ou soumèt yon aplikasyon nan Pwogram Rabè pou Elèv la, ou dakò ak Tèm ak Kondisyon sa yo.

Kondisyon pou Elijibilite pou Rabè sou Ferry pou Elèv :

Ou elijib pou Pwogram Rabè pou Elèv sou Ferry a (Ferry Student Discount Program) si ou enskri nan klas 6yèm, 7èm, 8èm, 9èm, 10èm, 11èm, oswa 12èm ane, oswa si ou enskri san yon klas ki asiye, nan yon lekòl mwayen (middle school) oswa segondè (high school) piblik, chatè (charter), oswa prive nan vil New York.

Enskripsyon nan Pwogram Rabè pou Elèv la :

Pou jwenn aksè nan Pwogram Rabè sou Ferry pou Elèv la, elèv ki elijib yo dwe mande tuteur yo pou l konekte oswa kreye yon Kont Elèv Vil New York (NYCSA). Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou w fè sa, vizite :

<https://www.schools.nyc.gov/learning/student-journey/nyc-schools-account>

Nan pòtay NYCSA a, tuteur yo kapab klike sou yon bouton pou mande yon Kòd Rabè pou Elèv NYC Ferry (« Kòd Rabè ») pou chak elèv ki elijib. Gen de fason pou achte ak itilize Tikè Rabè pou Elèv yo, epi Tuteur yo ak/oswa elèv yo dwe chwazi si yo ta renmen aplike Kòd Rabè a pou yo jwenn Tikè Rabè pou Elèv swa nan aplikasyon mobil NYC Ferry a (« Tikè Rabè sou Aplikasyon ») oswa lè yo achte tikè papye an pèsòn (« Tikè Rabè sou Papye ») nan fenèt tikè Wall St./Pier 11 la, ki ouvè chak jou ant 8 AM ak 7 PM.

Tanpri sonje : Kòd Rabè yo ka aplike yon sèl fwa sèlman, swa nan Aplikasyon NYC Ferry a pou Tikè Rabè sou Aplikasyon OBYEN nan fòm aplikasyon pou Tikè Rabè sou Papye pou Elèv la.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou w aplike Kòd Rabè a pou w achte tikè sou Aplikasyon NYC Ferry a OBYEN nan fenèt tikè Pier 11 la, gade anba a.

Kouman pou achte tikè Pwogram Rabè pou Elèv :

Achte « Tikè Rabè sou Aplikasyon »

Si ou ta renmen jwenn aksè ak Tikè Rabè sou Aplikasyon pou Elèv, yon Tuteur ak/oswa yon elèv dwe swiv etap sa yo :

1. Asire w aplikasyon an telechaje sou telefòn mobil Tuteur a oswa Elèv la.
2. Louvri aplikasyon NYC Ferry a.
3. Konekte sou kont NYC Ferry ou oswa kreye yon nouvo kont si ou se yon nouvo itilizatè.
4. Yon fwa ou konekte, chwazi bouton ki nan kwen anwo gòch ekran an epi chwazi « Kòd Pwomosyonèl » (Promo Code) nan meni ki dewoule a.
5. Antre Kòd Rabè inik yo te ba ou nan kont NYCSA a.
6. Yon fwa yo antre yon Kòd Rabè ki valab nan aplikasyon an, itilizatè a ap gen opsyon otomatikman pou l achte Tikè Rabè pou Elèv nan tab « Achte Tikè » (Buy Tickets) ki nan Aplikasyon NYC Ferry a.

Tanpri sonje : Tuteur yo gen pèmasyon pou yo itilize yon Tikè Rabè sou Aplikasyon sèlman si elèv la an pèsòn. Tuteur yo pa gen dwa itilize Tikè Rabè sou Aplikasyon pou pwòp vwayaj pa yo.

NYC Ferry Student Discount Program

Tèm ak Kondisyon



Achte « Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv »

Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv yo disponib pou achte nan fenèt tikè Wall St./Pier 11 la chak jou ant 8:00 AM ak 7:00 PM. Pou verifye elijiblite yon elèv pou Tikè Rabè sou Papyè, yon Tuteur ak/oswa yon elèv dwe swiv etap sa yo:

1. Rempli yon fòm Aplikasyon pou Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv. Fòm Aplikasyon pou Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv yo disponib sou sitwèb NYC Ferry a oswa nan fenèt tikè Wall St./Pier 11 la. Antre non ak siyati elèv la, adrès imèl ou ta renmen asosye ak Kont Elèv la, nimewo telefòn ou, ak Kòd Rabè endividyèl la.
 2. Yon fwa ou fin soumèt fòm Aplikasyon pou Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv la parèt sou sitwèb la oswa an pèsòn nan fenèt tikè Wall St./Pier 11 la, tanpri bay jiska 30 jou pou yo trete demann Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv ou a.
 3. NYC Ferry ap voye yon imèl konfimasyon ak yon lèt ofisyèl ki konfime elijiblite w pou achte Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv. Sove lèt sa a ki tache a!
 4. Lè w rive nan fenèt tikè Wall St./Pier 11 la, montre ajan tikè NYC Ferry a lèt ki tache a pou w ka achte Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv yo.
- Tanpri sonje: Tuteur yo pa gen dwa sèvi ak yon Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv. Elèv yo dwe prezante pwòp Tikè pou Elèv yo bay manm ekipaj la anvan yo monte abò a.

Tout Règ pou Tikè Elèv yo:

- Tikè pou Elèv yo valab sèlman nan jou lasemèn yo.
- Elèv yo ka sèvi ak Kòd Rabè yo pou yo jwenn Tikè pou Elèv yo kòmanse nan kòmansman ane lekòl la jouk nan fen mwa out la.
- Elèv yo ak/oswa Tuteur yo pa gen okenn limit sou kantite Tikè pou Elèv yo ka achte nenpòt lè.
- Tout Kòd pou Elèv yo ap ekspire nan fen mwa out la. Elèv yo dwe re-enskri nan pwogram nan chak ane ak nouvo kòd.
- Yon sèl Tikè Rabè pou Elèv ka sèvi yon sèl fwa. Itilizasyon oswa aktivasyon plis pase yon Tikè Rabè pou Elèv nan yon peryòd 30 minit pa otorize.
- Kòd Rabè ak tikè yo se pou elèv ki elijib la sèlman, yo pa kapab transfere bay lòt moun.

Ranbousman:

Tikè Rabè pou Elèv ki pa sèvi nan fen mwa out la elijib pou yon ranbousman lè w kontakte help@ferry.nyc

Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv ki Pèdi oswa yo Vòlè:

Yo p ap ranplase Tikè Rabè sou Papyè pou Elèv ki pèdi oswa yo vòlè.

Ekspirasyon Enskripsyon nan Pwogram Rabè pou Elèv la:

Tout Kòd Rabè yo ap dezaktive nan fen mwa out la, epi tout Tikè Rabè sou Aplikasyon oswa sou Papyè ap ekspire nan lè sa a.

Re-enskripsyon nan Pwogram Rabè pou Elèv la:

Elèv yo ak/oswa Tuteur yo pral bezwen re-enskri nan Pwogram Rabè pou Elèv la pou pwochen ane lekòl la.

Disponibilite:

Tikè Rabè pou Elèv yo ap disponib sèlman pandan Pwogram Rabè pou Elèv la an vigè.

Chanjman nan Tèm ak Kondisyon sa yo:

NYC Ferry kapab chanje tèm Pwogram Rabè pou Elèv la nenpòt lè nan fè w konnen chanjman sa yo pa nenpòt mwayen rezonab (anvan yo pran efè), tankou nan afiche Tèm ak Kondisyon ki revize yo sou sitwèb NYC Ferry a. Itilizasyon w fè nan Pwogram Rabè pou Elèv la apre nenpòt chanjman nan Tèm ak Kondisyon sa yo pral vle di ou aksepte chanjman sa yo. Si w pa vle kontinye sèvi ak Pwogram Rabè pou Elèv la anba Tèm ak Kondisyon ki modifiye yo, ou ka sispann patisipasyon w lè w kite yon mesaj pou NYC Ferry nan **844-469-3377** oswa pa imèl nan help@ferry.nyc

NYC Ferry Student Discount Program

Tèm ak Kondisyon



Divizibilite :

Sòf si yo ta deklare yon lòt jan nan Tèm ak Kondisyon sa yo, si nenpòt dispozisyon nan Tèm ak Kondisyon sa yo ta jije invalid oswa enposib pou aplike pou nenpòt rezon oswa nan nenpòt nivo, rès dispozisyon ki nan Tèm ak Kondisyon sa yo p ap afekte, epi aplikasyon dispozisyon sa a pral ranfòse nan nivo lalwa pèmèt li a.

Lwa ki aplikab :

Ou dakò pou se lwa nan Eta New York ki gouvènè Tèm ak Kondisyon sa yo ansanm ak nenpòt diskisyon ki ta ka genyen ant ou menm ak NYC Ferry oswa afilye li yo, san yo pa konsidere prensip konfli lwa yo.

Inelijibilite :

Si yo ta jwenn ou inelijib pou w patisipe nan Pwogram Rabè pou Elèv la paske ou pa ka jwenn aksè nan yon kont NYCSA, tanpri vizite :

<https://www.schools.nyc.gov/learning/student-journey/nyc-schools-account>

Restriksyon sou Tikè Elèv yo :

Tikè Rabè pou Elèv yo se Elèv yo sèlman ki kapab sèvi avèk yo. Tuteur yo pa gen dwa sèvi ak Tikè Rabè pou Elèv la pou yo monte abò yon bato. Nenpòt lòt moun ki sèvi ak yon Tikè Elèv kapab lakòz yo retire w nan Pwogram Rabè pou Elèv la.

Sanksyon :

Si ou pèmèt yon lòt moun ki pa elèv endividyèl ki elijib pou Pwogram Rabè pou Elèv la sèvi ak yon Tikè oswa yon Kòd Elèv, y ap sispann ou nan Pwogram Rabè pou Elèv la pandan 60 jou. Apre peryòd sispansyon 60 jou a fini, ou kapab re-aplike nan Pwogram Rabè pou Elèv la. Si w fè yon dezyèm fot, y ap diskalifye w nèt ale nan Pwogram Rabè pou Elèv la.

Si ou bay NYCF manti espere oswa si w chèche twonpe oswa fè fwod sou NYCF nan nenpòt lòt fason, yo kapab diskalifye w nèt ale nan Pwogram Rabè pou Elèv la.

Divilgasyon Enfòmasyon :

NYCF ap trete enfòmasyon ki konsène aplikan ak patisipan aktyèl ak ansyen yo kòm enfòmasyon konfidansyèl epi li kapab divilge enfòmasyon sa yo sèlman bay :

- Moun ki konsène nan enfòmasyon an oswa reprezantan legal moun sa a ;
- Si moun ki konsène nan enfòmasyon an bay otorizasyon alekri, oswa si moun sa a pa gen kapasite legal, si reprezantan legal li bay otorizasyon sa a ;
- Si yon tribinal ki gen konpetans bay lòd pou sa ; epi
- Yon ajans ki fè respekte lalwa oswa biwo pwokirè distri a ki prezante yon manda jidisyèl oswa yon sitasyon devan tribinal bay NYCF.

Pou Kesyon Yo Poze Souvan (FAQ), tanpri vizite : <https://www.ferry.nyc/about/faq/>